**दिन–रविवार** **दिनांक–21.04.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य मे लोकसभा चुनावक दोसर चरण लेल चुनाव प्रचार तेज भऽ गेल अछि। विभिन्न राजनीतिक दलक वरिष्ठ नेता अपन–अपन उम्मीदवारक समर्थन मे जुटल छथि। दोसर चरण मे छब्बीस अप्रील के पाँच संसदीय क्षेत्र किशनगंज, कटिहार, पूर्णियां, भागलपुर आ बांका मे मतदान होयत। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आइ कटिहारक राजेन्द्र स्टेडियम मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। श्री शाह आरोप लगौलनि जे राष्ट्रीय जनता दल प्रदेश के पुनः लालटेम युग मे लऽ जेबाक लेल चाहैत अछि। ओ कहलनि जे राजद कहियो विकास नहिं कऽ सकैत अछि। श्री शाह कहलनि जे एनडीए सरकारक कार्यकाल मे तेजी सँ विकास काज भेल अछि। ओ कहलनि जे एनडीए पछड़ल वर्गक कल्याणक लेल काज कयलक अछि आ राष्ट्रीय पिछड़ा आयोग के संवैधानिक दर्जा सेहो प्रदान कयलक अछि। जनसभा के जदयूक वरिष्ठ नेता आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो सम्बोधित कयलनि। दोसर दिस मुख्यमंत्री श्री कुमार पूर्णियां लोकसभा क्षेत्रक नरहिया मे पेठिया बाजार सँ फलका बाजार धरि आइ रोड शो कयलनि। ओतहि, महागठबंधनक दिस सँ कांग्रेस, राजद आ विकासशील इंसान पार्टीक स्टार प्रचारक गठबंधनक उम्मीदवारक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि।

---

राष्ट्रीय लोक जनशक्ति पार्टीक नेता आ खगड़ियाक सांसद चौधरी महबूब अली कैसर आइ राष्ट्रीय जनता दल मे सम्मिलित भऽ गेलाह। राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव हुनका पार्टी मे सम्मिलित करौलनि। पार्टी हुनका राष्ट्रीय उपाध्यक्ष नियुक्त कयलक अछि।

---

लोकसभा चुनावक तेसर चरण लेल प्रत्याशी लोकनिक नामांकन पत्रक जाँच काज पूरा भऽ गेल अछि। एहि चरण लेल दायर नामांकन पत्र मे सँ बेयालीस नामांकन पत्र रद्द कयल जा चुकल अछि। सभ सँ बेसी अररिया मे बीस नामांकन पत्र रद्द भेल। ओतहि, झंझारपुर आ मधेपुरा मे सात–सात सुपौल मे पाँच, आ खगड़िया मे तीन नामांकन पत्र रद्द कयल गेल।

एहि सीट सभ पर कुल चौबन उम्मीदवारक नामांकन वैध पाओल गेल। एहि चरण मे झंझारपुर, सुपौल, अररिया, मधेपुरा आ खगड़िया संसदीय क्षेत्र मे मतदान होयत। उम्मीदवार काल्हि धरि अपन नाम वापस लऽ सकैत छथि।

———————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे संघर्षक वर्तमान समय मे विश्व समुदाय शांति लेल भारत दिस देखि रहल अछि। श्री मोदी आइ नव दिल्लीक भारत मंडपम मे भगवान महावीरक दू हजार पाँच सय पचासम निर्वाण महोत्सवक उद्घाटन करैत कहलनि जे भारतक नव भूमिकाक श्रेय देशक बढैत क्षमता आ विदेश–नीति के जाइत अछि। ओ कहलनि जे भगवान महावीरक प्रति युवा पीढ़ीक समर्पण आ आकर्षण सँ ई विश्वास होइत अछि जे देश सही दिशा मे बढ़ि रहल अछि। ओ कहलनि जे एहेन समय मे जखन दुनियाक कतेको देश संघर्षरत आ युद्धरत अछि, भारतक तीर्थंकरक शिक्षा बेसी महत्वपूर्ण भऽ गेल अछि।

———————————————————————

एम्हर, भगवान महावीरक जयंतीक अवसर पर नालंदा जिलाक सिलांव प्रखंड स्थित कुण्डलपुर मे जैन श्रद्धालु लोकनि भव्य शोभायात्रा निकाललनि। एहि अवसर पर भगवान महावीर के दूध आ चानन सँ मस्तकाभिषेक कयल गेल।

———————————————————————

राजधानी पटना समेत प्रदेशक अधिकांश भाग भीषण गर्मीक चपेट मे अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे शेखपुरा, जमुई आ बांका जिला मे लू चलि रहल अछि। चौवालीस दशमलव एक डिग्री सेल्सियसक संग शेखपुरा राज्य मे सभ सँ गर्म स्थान रहल। हमर दरभंगा संवाददाता जनौलनि अछि जे जिला मे बेयालीस डिग्री सेल्सियसक लऽगपास तापमान रहला सँ जनजीवन प्रभावित भेल अछि। जिला मे भूगर्भीय जलस्तर नीचां चलि गेल अछि। सुपौल आ बेगूसराय सहित आनो जिलाक संवाददाता लोकनि गर्मी सँ जनजीवन प्रभावित हेबाक संवाद देलनि अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे अगिला चौबीस घंटा मे बांका, शेखपुरा आ जमुई जिला मे भीषण लू चलबाक संभावना अछि। एहि के लऽकऽ विभाग औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। भागलपुर, सुपौल, दरभंगा, पूर्वी चंपारण, बक्सर, भोजपुर, नालंदा, पटना समेत प्रदेशक आन भाग मे सेहो उष्ण दिवसक चेतावनी जारी कयल गेल अछि।

———————————————————————

आइ सिविल सेवा दिवस मनाओल जा रहल अछि। देशक पहिल गृहमंत्री सरदार वल्लभ भाई पटेल वर्ष उन्नैस सय सैंतालीस मे सिविल सेवा के अधिकारी लोकनिक पहिल बैच के सम्बोधित कयने छलाह। एहि उपलक्ष्य मे ई दिवस मनाओल जाइत अछि।

———————————————————

दरभंगा जिलाक मनीगाछी प्रखंडक राघोपुर पूर्वी पंचायतक नजरा मोहम्मद गाम मे काल्हि एक चौरक खाधि मे डूबला सँ तीन बच्चाक मृत्यु भऽ गेलनि।

———————————————————

मधुबनी जिलाक लदनिया मे दू अपराधी के पुलिस देशी कट्टा आ कारतूसक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।